**दिन–बुधवार** **दिनांक–2.04.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधि – 05 मिनट

———————————————————————————————————

वक्फ संशोधन विधेयक दू हजार पच्चीस आइ विचार आओर पारित करबाक लेल लोकसभा मे पेश कयल गेल। केन्द्रीय अल्पसंख्यक मामिलाक मंत्री किरेन रिजिजू विधेयक पेश करैत जनौलनि जे ई विधेयकक मुसलमानक धार्मिक प्रथा सँ कोनो लेना–देना नहि अछि। ओ जनौलनि जे ई मात्र वक्फ बोर्डक संपत्ति सँ जुड़ल अछि। ओ जनौलनि जे सरकार वक्फ बोर्ड के समावेशी आओर धर्मनिरपेक्ष बनाबय चाहैत अछि। ओ जनौलनि जे ई कानून मस्जिदक प्रबंधन लेल नहि अछि। श्री रिजिजू जनौलनि जे अखन विधेयकक अनुसार वक्फ बोर्ड मे कतेको मुस्लिम संप्रदाय, महिला, गैर–मुस्लिम आओर आनो–आन लोक सभक रहताह। ओ विपक्ष पर विधेयक के लऽकऽ लोक सभ के भरमेबाक आरोप लगौलनि।

एम्हर, सदन मे चर्चा शुरू करैत कांग्रेसक गौरव गोगोई जनौलनि जे ई विधेयक संविधानक खिलाफ अछि। ओ आरोप लगौलनि जे ई विधेयक सँ सरकार संविधान के कमजोर करब, अल्पसंख्यक के बदनाम करब

आओर भारतीय समाज के बाँटय चाहैत अछि। श्री गोगोई जनौलनि जे अखन अधिनियम मे संशोधन सँ बेसी समस्या बढ़त। एहि सँ पहिने, केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह जनौलनि जे ई विधेयक संयुक्त संसदीय समिति द्वारा विस्तृत विचार–विमर्शक बाद लाओल गेल अछि आओर एहि के मंत्रीमंडल स्वीकृति दऽ देलक अछि। विधेयक पर चर्चा जारी अछि।

———————————————————

बिहार शिया वक्फ बोर्डक अध्यक्ष सैयद अफजल अब्बास वक्फ बोर्ड मे सुधारक समर्थन कयलनि अछि। आकाशवाणी समाचार सँ गपशप मे ओ जनौलनि जे वक्फक जमीन सँ अतिक्रमण हटेबाक जे गप कहल गेल अछि, ओ बढ़िया अछि। पसमांदा मुस्लिम समाजक राष्ट्रीय संयोजक डॉक्टर फिरोज मंसूरी आकाशवाणी समाचार सँ गपशप मे जनौलनि जे वक्फ संशोधन बिल पसमांदा मुस्लिम समाजक लेल एकटा नव बिहान लऽकऽ आयल अछि।

———————————————————

केन्द्रीय युवा कार्य आओर खेल मंत्री डॉक्टर मनसुख मांडविया देशक युवा सभ सँ राष्ट्र प्रथमक भावनाक संग काज करबाक आह्वहन कयलनि। आइ नव दिल्ली मे विकसित भारत युवा संसद के संबोधित करैत डॉक्टर मांडविया जनौलनि जे देशक युवा सभ भारत के विकसित देश

बनाबय मे पैघ भूमिका निभौताह। ई दू दिवसीय कार्यक्रमक विषय अछि– विकसित भारत। ई कार्यक्रम युवा सभ के राजनीति आओर सार्वजनिक नीति सँ जुड़ब, शासन आओर राष्ट्र निर्माण मे हुनक भागीदारी के बढ़ावा देबाक लेल एक पैघ मंचक रूप मे काज करैत अछि।

———————————————————

पूर्व मध्य रेलवे यात्री भाड़ा सँ राजस्व अर्जित करबाक मामिला मे देश भरि मे पहिल स्थान हासिल कयलक अछि। महाप्रबंधक छत्रशाल सिंह जनौलनि जे रेल यात्री सभ सँ वितीय वर्ष दू हजार चौबीस– पच्चीस मे चारि हजार छओ सय दू करोड़ टाकाक राजस्व भेटल। जे एक रिकॉर्ड अछि।

———————————————————

राज्य सरकार बढैत गरमीक कारण आगनबाड़ी केन्द्र के चलेबाक समय मे बदलि कयलक अछि। समाज कल्याण विभागक अनुसार आब सभ आंगनबाड़ी केन्द्र भोर साढ़े सात बजे सँ साढ़े एगारह बजे धरि चलाओल जायत। ई आदेश तीस सितंबर धरि लागू रहत।

———————————————————

लोक आस्थाक चारि दिवसीय महापर्व चैती छठिक दोसर दिन आइ व्रती सभ खरनाक अनुष्ठान कऽ रहल छथि। व्रती सभ सांझ काल भागवान

भास्कर के खीर आओर रोटीक भोग लगा कऽ प्रसाद ग्रहण करतिह। एकर बाद छठि व्रती सभक छत्तीस घंटाक निर्जला व्रत शुरू भऽ जायत। काल्हि अस्ताचलगामी सूर्य के अर्घ्य अर्पित कयल जायत। चारि अप्रैल कऽ उगैत सूर्य के अर्घ्य अर्पित कयलाक बाद पारनक संग ई महापर्व संपन्न भऽ जायत।

———————————————————

प्रदेश मे मौसम शुष्क बनल अछि। मौसम विज्ञान केन्द्र पटना सँ भेटल जनतबक अनुसार अधिकतम आओर न्यूनतम तापमान सामान्य सँ एक सँ दु डिग्री सेल्सियस सँ बेसी रहल। अड़तीस दशमलव नओ डिग्री सेल्सियस अधिकतम तापमानक संग खगड़िया राज्यक सभ सँ बेसी गर्म स्थान रहल। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल अछि जे अगिला बहत्तरि घंटाक बीच अधिकतम तापमान मे कोनो खास बदलि नहि होयत। काल्हि गोपालगंज, बक्सर, कैमूर आओर रोहतास जिला मे तेज हवाक संग बारिश भऽ सकैत अछि। एहि बीच किछु ठाम ठनका सेहो खसि सकैत अछि।

———————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।